

HMO Plan ki gen nan chak konte	Atlantic	Bergen	Burlington	Camden	Cape May	Cumberland	Essex	Gloucester	Hudson	Hunterdon	Mercer	Middlesex	Monmouth	Morris	Ocean	Passaic	Salem	Somerset	Sussex	Union	Warren
Aetna Better Health® nan New Jersey	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
Fidelis Care	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
Horizon NJ Health	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
UnitedHealthcare Community Plan	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
Wellpoint	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓



Aetna Better Health® of New Jersey

Disponib nan TOUT konte

Aetna Better Health® nan New Jersey

1-855-232-3596 • TTY 711 (24/7)

www.aetnabetterhealth.com/nj

Jwenn plis avantaj nan Aetna Better Health

Benefis, rekonpans, e avantaj ou pa vle pa genyen

- Aksè nan meyè founisè lokal - pa gen referans ki nesesè
- Swen konplè pou dan e vizyon,
- Egzamen byennèt,
- Swen matènité* (jesyon swen, sèvis doula, founiti e soutyen nan bay tete), epi
- Sèvis famasi.*

*Kék manm nan NJ FamilyCare gendwa peye kopeman

Pwogram mezon swen dan pou tout fanmi a

Nou gen alèkile yon pwogram pou asire ni oumenm ni fanmi w gen yon dantis premye swen (primary care dentist, PCD) e yon mezon dan, disponib pou moun nan tout laj.

Vwazen w nan Better Health

Vini wè n nan Healthcare Central nan Newark, New Jersey pou w jwenn èd pou :

- Enskri nan NJ FamilyCare
- Jwenn yon founisè
- Konprann pwosesis renouvèlman NJ FamilyCare la

- Konprann benefis ou gen nan Aetna Better Health

Chak mwa, nou òganize don nouriti e yon jounen pou fè lesiv gratis.

Aksè nan yon nimewo enfimye oubyen enfimye 24/7 pou jwenn konsèy medikal

Sonnen nan 1-855-232-3596 (TTY : 711) epi peze 4. Toujou gen enfimye oubyen enfimye la pou ede w.

Reyalize rekonpans pou sante e byennèt

Pwogram ensitasyon nou an rekonpanse manm lè yo fin fè depistaj medikal ki admisib yo tèlkè :

- **Konsiltasyon Well Child** (alaj 3-21)
- **Mamografi** - Depistaj pou kansè nan tete (chak lane alaj 40-74) e depistaj pou kansè nan kòl matris (tès pap) (depi alaj 20)
- **Depistaj plon** (alaj 0-6)
- **Swen apre kouch** (7-84 jou apre ou akouche pitit ou a. Gendwa gen de konsiltasyon pou sezaryén.)

Sonnen sèvis manm lan pou w konn plis sou pwogram lan.

Se pou manm Aetna Better Health pou yon lane pou w admisib pou pwogram lan.

Lè w gen sante nan lide w, se noumenm pou w sonje.



FIDELIS CARE®

Disponib nan TOUT konte, eksepte Hunterdon.

Fidelis

1-888-453-2534 • TTY 711

www.fideliscarenj.com

Fè w pase an premye : Nan Fidelis Care, nou bay priyorite pou ni oumenm ni fanmi w. Li vle di ou resevwa swen e sèvis ou bezwen pou w kontinye byen pòtan e viv ak kè kout.

Pa gen referans ki nesesè : Ou ka chwazi ale wè yon espesyalis ki nan rezo nou a san w pa bezwen gen yon referans.

Pwogram rekonpans nan My HealthPays : Resevwa rekonpans dola, nan kat kado, lè ou fin fè aktivite medikal tèlkè konsiltasyon anyèl ödìn.

Pwogram rekonpans prenatal : Pwogram sa a ede manman timoun rete byen pòtan epi ale nan tout konsiltasyon yo gen kay doktè pandan yo ansent. Manm ki fin fè pwogram lan ka resevwa kado.

Nimewo asistans konsèy enfimye oubyen enfimye 24 sou 24 : Tout manm ka sonnen pou yo resevwa konsèy medikal nan men yon enfimye oubyen enfimye e yo ka sonnen 24 sou 24, 7 jou sou 7, toulèjou nan lane a.

Sèvis medsen (founisè) :

- **PCP :** Yon founisè asiyen bay chak manm pou l founi manm lan swen e okipe voye manm lan bay espesyalis.
- **Preskripsyon :** Kouvèti pou medikaman founisè ou yo preskri.

Èd pou manm :

- Èd pèsònèl pou pran randevou kay doktè, pou jwenn sèvis sosyal, epi plis.
- Tout dokimantasyon yo disponib nan lang anglè, espayòl, e lòt lang depi demann lan fèt pou yo.
- Gen sèvis entèpèrt disponib pou manm ki malantandan, oubyen ki pale lòt lang pase anglè.

Resous Kominotè : Nimewo asistans telefònik kominotè nou a ap mete w an kontak avèk sèvis lokal, baze nan kominote a, tèlkè nouriti, transpò, moun ki okipe timoun, epi plis.

Jesyon swen : Nou ofri pwogram jesyon swen presi pou timoun e pou moun majè. Gen nan pwogram sa yo :

- **Opresyon** • **Dyabèt** • **VIH / SIDA** • **Gwosè s ki gen gwo risk**
- Responsab swen fòme pou ede manm yo, fanmi manm yo e PCP manm yo òganize sèvis (sa gen ladan fè referans nan etablisman ki founi swen espesyal pou swen ki trè espesyalize) ki gendwa nesesè pou jere maladi. Chwazi yon plan medikal se yon gwo desizyon, en vle pou w gen tout enfòmasyon ou bezwen pou fè chwa ki bon pou ou a.



Disponib nan TOUT konte

Horizon NJ Health

1-800-682-9090 • TTY 711

www.horizonnjhealth.com

Kenbe ni oumenm ni fanmi w byen pòtan :

Se sèl plan NJ FamilyCare nan Horizon Blue Cross Blue Shield nan eta New Jersey. Se nou ki plan medikal vil kote ou ye a. Resewva benefis fanmi w vle se nan Horizon NJ Health.

- Youn nan pi gwo rezo founisè nan New Jersey — ou gen chwa nan plis pase 20,000 doktè.
- Pa gen referans ki nesesè pou w al wè dantis ou a, obstetrisyen oubyen jinekològ ou a, pran randevou pou fè yon mamografi oubyen resevwa swen òdinè pou zye.
- Kouvèti pou lantiy kontak e linèt plis lòt benefis vizyon.
- Kouvèti medikaman ki vann avèk preskripsyon pou sa doktè w preskri, ansanm ak kèk medikaman ki vann san preskripsyon.
- Nimewo pou pale avèk enfimye oubyen enfimyè pou reponn kesyon medikal ou poze e yon nimewo sèvis pou manm pou reponn kesyon ou poze sou plan ou genyen an, disponib ba ou **24 è sou 24 e 7 jou sou 7**.

Pwogram soutyen medikal siplamentè ki konsantre sou oumenm e sou fanmi w :

- Pwogram jesyon sèvis e soutyen alontèm (Managed Long Term Services & Supports, MLTSS) pou moun ki bezwen sèvis swen medikal alontèm tankou swen lakay e pèsònèl pou manm yo kontinye viv lakay yo.
- Pwogram pou byen pòtan pandan gwosè (Healthy Pregnancy Program) pou soutni w jouk lè ou akouche e pandan premye 60 jou nan lavi tibèbe w la. Ale nan konsiltasyon òdinè avèk obstetrisyen oubyen jinekològ (Ob / Gyn), resevwa konsèy nitrisyonè e èd pou bay tete.
- Responsab ka yo disponib pou manm ki gen bezwen espesyal pou ede gen meyè kalite swen pou manm nou yo.
- Horizon Neighbors in Health mete w an kontak avèk kominote ou a e avèk resous medikal pou ede w gen yon miyè sante e byennèt.
- Education Works ka ede w revysi epi gen ekivalan diplòm klas segondè. N ap ba ou yon plan pésonalize ki koresponn avèk lavi w pou ede w pare epi resevwa diplòm klas segondè ou a. Pi bon bagay la se ou p ap peye anyen.

Pa gen anyen ki pi enpòtan pou nou pase pou fanmi w byen pòtan. Nou la pou ou lè w pi plis bezwen n.

NJ FAMILY CARE PLAN MEDIKAL
Affordable health coverage. Quality care.



Disponib nan TOUT konte

UnitedHealthcare

1-800-941-4647 • TTY / TDD 711

www.uhccommunityplan.com

Nan **UnitedHealthcare Community Plan**, nou ede moun viv lavi pi byen pòtan. Nou travay di pou n satisfè misyon sa a nan NJ depi nan lane 1989.

BENEFIS OU BEZWEN

- Doktè swen primè pou chak manm.
- Netwayaj dan, egzamen dan, e swen dan.
- Egzamen zye e linèt oubyen lantiy kontak.
- Swen preventif apwopriye pou chak gwoup laj, tèlke vaksen, vizit byennèt, swen pou moun ki gen dyabèt, opresyon e maladi kè.
- Pa gen referans ki nesesè pou w al kay dantis, obstetrisyen oubyen jinekològ, pran randevou pou fè mamografi oubyen resevwa swen òdinè pou zye.
- Jesyon swen pou founi enfòmasyon medikal e ede w jere swen e sèvis ou yo.

SOUTYEN SIPLAMENTÈ OU VLE

- Nimewo konsèy enfimye oubyen enfimyè — Kominike toulèjou avèk yon enfimye oubyen enfimyè 24 è sou 24 e 7 jou sou 7.
- Sèvis pou manm disponib toulèjou 24 è sou 24 e 7 jou sou 7.
- Healthy First Steps se yon pwogram pou manm ki ansent, ki fèk fè yon pitit ansanm pou tibebe manm sa yo.
- FIDESNP se yon opsyon plan pou manm ki gen kouvèti Medicare e Medicaid.
- Jesyon sèvis e soutyen alontèm - se yon pwogram ki konsantre nan founi sèvis bay moun frafil, aje, e andikape ki gen ladan benefis swen òdinè (konsiltasyon kay doktè, sejou nan lopital, analiz laboratwa) e sèvis e soutyen alontèm (founi èd lakay oubyen nan kominote a avèk aktivite jounalye).



Disponib nan TOUT konte

Wellpoint

1-877-453-4080 • TTY 711

www.wellpoint.com/nj/med

Wellpoint (ki anvan te Amerigroup) fyèman sèvi manm NJ FamilyCare depi nan lane 1996, e n konprann sa w vle nan plan medikal ou a.

Kite n ede w jwenn miyè avantaj nan benefis ou yo.

BENEFIS OU BEZWEN

Pa gen referans ki nesesè : Ale konsilte kay youn nan founisè ki nan rezo nou a, pa sèlman pou swen primè, dantis, e obstetrisyen oubyen jinekològ (OB / GYN).

Nimewo asistans enfimye oubyen enfimyè 24 è sou 24 : Resewva konsèy e enfòmasyon medikal nan men yon enfimye oubyen enfimyè 24 è sou 24 e 7 jou sou 7. 833-731-2147 (TTY 711)

Avantaj pou zye e dan : Resewva swen preventif regilyèman pou vizyon e dan, sa gen ladan yon kredi \$100 pou lantiy kontak pou manm ki kalifye, sèten monti e plis toujou.

Jesyon swen pou moun ki gen bezwen espesyal : Tout manm ki gen bezwen espesyal gen yon responsab swen pou ede yo nan plan swen endividyalize.

Kouvèti medikaman preskripsyon : Pou medikaman ou bezwen pou kontinye byen pòtan e \$15 chak trimès pou atlik ki vann san preskripsyon (Over the Counter, OTC).

SIPLIS OU VLE

Rekonpans sante : Kat kado lè w fè depistaj sante ki rekòmande ansanm ak aktivite pou yon bon sante, tèlke : egzamen plon pou timoun, vaksen kont grip e sèvis pou dyabèt, tèlke yon egzamen anyèl nan zye ki dikate zye w e tès A1c pou emoglobin.

Soutyen siplamentè pou manman : Yon pwogram pou ede soutni w pandan w ansent, ap akouche, e premye detwa mwa nan lavi pitit ou a. Reyalize rekonpans sante pou achte pousèt, syèj machin e plis toujou.

Resous gratis anly : Pou ede manm jwenn nouriti, travay, lojman konsèy jiridik, e lòt bagay ou gendwa bezwen nan kominote a.

Sant resous swen kominotè : kote ou ka ale pale avèk yon reprezentan Wellpoint an pèsòn pou w gen plis enfòmasyon sou avantaj ou yo, pwogram e sèvis kominotè, e jwenn respons pou kesyon ou vle poze.